XARNU BI | SEEX MUUSAA KA WEREKAANU BÀMBA

Aji-Taalif Ji

XARNU BI : ***Seex Muusaa Ka Werekaanu Bàmba*** (Yalna ngërëmul Yàlla ñeel leen) woy ko ci atum 1929, ndeysaan! Doon jamono ju taroon lool, ñàkk ab dund, mbay mu doxul, taw amul, ñàkk xaalis, muy jamono ju naqari wallaahi! Jaam ñi yooy, tumuránke, xiif, jaaxle te soxla ndimbël lool, ba tax Werekaan wi jël xalimaam woo Yàlla ci barkeb Sëriñam bi mu yaakaar ni Yàlla man na léen a wallu ci barkeem, te def ko nag ci cakkutéeful Sëñ Daam Abdu Rahmaan Lóo ak i mag i taalibeem. Ba tax mu naan :

« Awma màqaamam di la woo | Waaye mutiid yi ñoo ma woo | Ni tawatal te bu ñu woo | Saw làmmiñay wow xarnu bi. »

Muni: ***« waaye muriit yi ñoom a woo, ni tawatal te bu ñu woo. »*** Bu ñu woo [maanaam] kon woowal Yàlla ci barkeb Sunu Sëriñ.

Muy woy wu Yàlla nangu it ndax waxees nani: ba mu noppee ci woy wi la jawal ca Barabu Sëriñ Tuubaa jàng ko fa, te fekkoon toogees na diir bu yàgg tawul, gàncax gi loof, niki mu ko yuuxoo ci woy wi, waaye ba mu jàngee woy wi ci Barabu Sëriñ Tuubaa bay génn, dees koo wutal lumu seeloo ndax taw bu bari.

Loolu dey manees na ko jàppe firnde ci nangu gu Yàlla nangu woy wi, ngir loolu moo doon dàttub séen tawat.

Waaye ginnaaw nangug woy wi yit, taar beek woyiin wee gënatee yéeme, ci bees ko tëkkalee ak woykat yi ci Araab mbaa sax weneen làkk.

Ci nimu tënkoo ci saart i woy ak i tërëliinam, sàmmoonte ak galan (bahru) bi mu tànn, matal nattun yi (awzaan), jotale (balaaxa) te leer nàññ (bayaan ak ma`aanii), boole ci xoromu lool.

Yéeme na! Ni mu woyee woy wi, xamni bees koy déglu, man di yëg mettitu jamono ja, ak it aal ji mu ko doon woyee, lépp mu dëxëñaale ko ci woy wi, ba manees ko cee fekk. Loolu nag di nu won nooyug Wolof.

Ginnaaw taar bi yit nimu féeñalee woomug Wolof ak sàmmoonte ak nos-wax (lëgg-lëgg/grammaire) ci woy wi yéeme na, ba lees ci man a jële ci ay baati Wolof, ak nosiinu baat yi, duun na lool, kon daal kuy yëggu ci suqali wolof mbaa yitte woo Wolof war gaa sant Seex Muusaa Ka, Yàl nanu ko Yàlla, aji-màgg ji, fayal ci barkeb Seexul Xadiim Sëriñam.

BISMI-L-LAAHI AR-RAHMAANI AR-RAHIIMI

«Wa izaa sa-alaka' ibaadii' annii fa-innii qariibun ajiibu da' wata-d-dii' ii, izaa da' aanii fa-ajib da' wata. rabbi innii lima anzëlta ilayya min xayrin faqiirun rabbi yassir walaa tu' assir».

Sëriñ bi noo gi deeti ñaan	Faqiir dafay nangoo dagaan	Nangul nu lépp lu nu ñaan	Ndax Yàlla naatal XARNU BI
Noongi dangaan ci Mustafaa	Ma nekk marwat'ak safaa	Ak àqi amdi Mustafaa	Mi Yàlla jébbal XARNU BI
Ak àqi mboolem ay rakkam	Ak àqi séen baay yi ñu am	Ak àqi seex yi Bàmba am	Ndax Yàlla naatal XARNU BI
Mboolem muriid yépp a ngi tuub	Tey réccu bàkkaar yi nu joob	Ba lu nu bay-bay, du nu góob	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Mbàkke, dangay boroom i mbóot	Te sag njaboot tawat gilóot	Ñu def ma ab àntarpareet	May làpputoo waa XARNU BI
Aw ma màqaamam di la woo	Waaye muriid yi ñoo ma woo	Ni tawatal te bu ñu woo	Saw làmmiñay wow XARNU BI
Tay jii ma wax bani tareet	Ngir yaa ma def antarpareet	Yaa fab i xam-xam ne yuréet	Ci sama xol, ci XARNU BI
Te bul ma tanxamlu ci ñaan	Ngir lii ma bon tey ku añaan	Muriid yi yépp a la ko ñaan	Ngir bëgg a dekkal XARNU BI
Jooy i perantal la nu jooy	Boo nu fabul, lee nu ni wooy	Ku nuy yafal, ban def i kooy	Mu dellu naatal XARNU BI
Jis u nu baay te noo ngi raam	Ku ñàkk yaay, day nàmpu maam	Buural te boot nu, ngalla daam !	Roggani mboolem XARNU BI
Fabal sa doom yi yépp boot	Ñoom it ñu boot séenug njaboot	Ku manta boot nga jox ko mbóot	Ndax Yàlla naatal XARNU BI
Te fab muriid yi suturaal	Mottali jàkk a jii nu naal	Foo toll dolli séen alaal	Ndax Yàlla naatal XARNU BI
Ndax Yàlla amdi Mustafaa	Tabax jumaa-i Mustafaa	Bam tol ni marwata'ak safaa	Ndax Yàlla naatal XARNU BI
Boolem muriid yépp a ngi jooy	Ngir luñu bay-bay mu dal di gooy	Ba séen i àddiya'a ngi booy	Sarax nu naatal XARNU BI
Jamono jaa ngi xiif a xiif	Luñ togg, bar gi ni ko fuuf	Seex Bàmba, neel ngën ji mbindéef	Mu dellu naatal XARNU BI
Xiif tax na, ñenn mag ñi yooy	Xiif tax na, gor su ndaw si jooy	Xiif tax na, yenn tool yi booy	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Taxna, ña daa joxee ngi laaj	Ñii ñépp séen i sas di xaaj	Ken dóotu dem fenn ba waaj	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Xam nañ ni yaa nu daa tawal	Daanu bayal, daanu ñoral	Daanu roñal, daanu daggal	Feesal nga sàqi XARNU BI
Sa yërmandee nu daa defal	Lu xel dajul, daanu dëfël	Daanu tibbal, daanu leel	Reggal nga mboolem XARNU BI
Sa yërmandee nu daa sanal	Jigéen ña, yaa nu daa amal	Tay ñépp a yam ken amatul	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Ñoo séen i sag sàggiku na	Ñoo séen i gaay dàggeeku na	Ñoo séen i ngëm rékkiku na	Ngir ñàkk gii ci XARNU BI
At moo ni ndax mooy tane daaw	Mooy gën a far dellu gannaaw	Ba rab yu aay yi sax di naaw	Ay Mbàkke! géesul XARNU BI
Wëy ! nu ni wëy! noo ka torox	Yalwaan, amoo ku la sarax	Garab bu daanoo xob ya lax	Bàmba'ay danjaamal XARNU BI
Garab gu mag bu nee jirim	Garab yu ndaw yi day jirim	Méññat ma say mbir ya ëlëm	Lii rekk a dal waa XARNU BI
Allaahu akabaruz zamaan	Jamono moo man a safaan	Xéewël yi daf daa walangaan	Ci ndabi mboolem XARNU BI
Libeek, sikkeek i sëhfaraan	Lan daa diwoo muy walangaan	Nuy xelli kopp ya di naan	Wata ya kornu XARNU BI
Astaxfirul Laahal Aziim	Tuub nanu lan daa def i koom	Te muy lu neexulan boroom	Jurbel a wuuteek XARNU BI
Xeewal yi daf daa wal-wali	Baawaan fi nun di kel-keli	Moo tax ma jóg di pél-péli	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Xeewal yi daf daa walangaan	Waxset nga wuute nga'ak sayaan	Xamoo xur'ak tund'ak sayaan	Sam ndox a naatal XARNU BI

Wàcci nga yaw loo mas a wax	Def nga ko jox ku mat a jox	Daawoo nu nax, daawoo nu cax	Séddon nga mboolem XARNU BI
Gàñcax gu ndaw gi weddatul	Mag ña nga yar ken woddatul	Moo tax ma naala suuxatal	Njëmbët li wan ci XARNU BI
Njëmbët la mooy gaa ya dikkon	Daa wéy ci xeewal ya fi won	Tay ñi ngi def ya ñu bawon	Ngir ñàkk gii ci XARNU BI
Ag ñàkk a bon ci waa ju baax	Day tas kërëm xolam ba jaax	Daa ceeb u tay ngay añe laax	Jaaxal na gaa yi XARNU BI
Leek-leek nga gis fi ab muriid	Muy taxawaalu ni'b mariid	Walla mu xàcc def tëriid	Ndaw njombe gaa yi XARNU BI
Ànd'ak komersaa ya di jaay	ñii di wajaaseeri baxaay	Te xamni yaa doon séen i baay	Moo tee nga naatal XARNU BI
Ña lee nga xàcc i defi seef	Ñii def i dag ngir bañ a loof	Ñii daw ba raw ba ni nu fuuf	Moo tee nga naatal XARNU BI
Yaw la nu yaakaar abadaa	Ngir yaa nu tàggaleek bidaa	Tuub nanu mboolem la nu daa	Bàkkaar ci njëkk XARNU BI
Yërëm nu tay yaru na nu	Dóotu nu fo, xàmme na nu	Dóotun nelaw, yewwu na nu	Yërëm nu naatal XARNU BI
Soo nu joxoon la nu yoran	Dóotu nu def ,nanu defan	Xanaa yëgooni yaru nan	Ku weddi laajal XARNU BI
Yërëm lu nan, torox lu nan	Jooy na nu ren, saraxtu nan	Soppeeku nan, jébbalu nan	Sarax nu naatal XARNU BI
Nun tuxu nan sun kër i baay	Gàddaay te def la ngën ji baay	Tuubaa di kër, bàmba'a di waay	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Muriid yi saalit nanu ren	Ngir xamni yaa léen ame wan	Yaa léen joxon la nu yoran	Yobbu nga mbóoti XARNU BI
Tiijaan yi réccu nañu tay	Xam nañ ni bëy du sóoru boy	Yaa man a may nit lu ko doy	Moo tee nga naatal XARNU BI
Bawal-bawal jolof-jolof	Mboolem pël'ak naar'ak wolof	Kenn gis a tul ku ame yëf	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Koo xam ni daan a ame jaak	Daa ame àngaar'aki juuk	Mii at mu am déwén mu jéek	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Ku mas a am yaar i wata	Soxla na ren jii yaar i mëta	De munta am njëg u mëta	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Koo xam ni daan a ame taax	Tay ming ni ngeeju'b néek bu baax	Bu gën a feex bam ni ca faax	Sëriñ geesul XARNU BI
Kër yaa ngi wéet ba ni woyog	Lal yañ yoroon def i koyog	Ña doon i wuur def i koyag	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Tubaab yi sax pert nañu	Ña léen gëmoon pert nañu	Yahood yi it fayit nañu	Yal na ñu yées ci XARNU BI
Ña tukkiwan faf nañu lag	Fuñ wàcci deef i léen falag	Àdduna yaa ka noo welag	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Naar yaangi yalwaan'ak a xaar	Seex buñ xamoon dellu fa jaar	Ken talatul loo jox i naar	Sëriñ bi geesul XARNU BI
Wooy Mbàkke! yuuxu nan ba dee	Wallu nu boo yeexee nu dee	Melal ni kuy rammu ku dee	Yaa nuy tinul waa XARNU BI
Yaw yaay donoy Muhammadu	Te yor nga sirrub Ahmadu	Te yor nga bóot i Haamidu	Man ngaa defar waa XARNU BI
Man ngaa defar biteek i biir	Defar nga baadoola'aki buur	Yaa dindi àllarba'ak dibéer	Sàkk Muriidi XARNU BI
Man sa kanam, man sa gannaaw	Loo sant Yàlla mu ni waaw	Loo wax fa diiwaan ñu ni waaw	Wax léen ñu naatal XARNU BI
Sa mbir ëppante na'ak dërëm	Nde xarnu bépp am gërëm	Te am dërëm te yokku ngëm	Nga may njariñ waa XARNU BI
Ma léebu ngaa yi la xamul	Waa ju xamul dees koy xamal	Subhaana, yaa ka mat kumal	Yaa neex a wan waa XARNU BI
Nan far waññee ku tagg daam	Ngir moo nu may lu jombi maam	Boolee'k Muriid yuy daw di raam	Ag cant a war waa XARNU BI
Bàmba muneef u laa misaal	Yaay géej gi wër waa senegaal	Deef u la jàlle genn gaal	Say duus a tooyal XARNU BI

Seex Bàmba yaa di'k mbàmbulaan	Ku sóobu dóotu ñaane naan	Ku màndi day démbaan i teen	Say kaas a màndal XARNU BI
Ku sóobu génnaaley dërëm	Békkoor bi dóot u dem kërëm	Ku ni curum kaasub ngërëm	Doo mar li des ci XARNU BI
Géejug hikkam ga mu dëtëm	Bani ko sécc moo'k ñoñam	Maseef u caa nàndal ku xam	Toqan nga doy na XARNU BI
Luum loo na fóore ya wéyon	Raam loo na kàngam ya fi won	Daane na mbër ya fi newon	Amul niroo ci XARNU BI
Sirrub andaar i xam-xamam	Museefu caa nattal wujjëm	Ayam ngi suural na'w ñoñam	Wujjëm amul ci XARNU BI
Fekkon na dab yi ni xareet	Mu soppi léen watay sareet	Duy léen ngënéel bañ ni séréet	Wàccoo na moo'k waa XARNU BI
Taalif na móol yu fees i taax	Te xalimaam du juum du jaax	Te am xelam du gag du naax	Du fàtte lëf ci XARNU BI
Day duusu dong a yay dëtëm	Duus yay jallaañoo ci'b dënnam	Mooy géej gu ridwaan di'y jënam	Te mus la fer ci XARNU BI
Bàmba'a di géej gu tàbbi géej	Fekk fa géej gu ni ko ngéej	Mu duy ca léer ya ba ni ngiij	Dellu si tooyal XARNU BI
Lu baax du baax ba jàll baax	Waaye Sëriñ bee weesu baax	Baax a ngi yam fi xotti baax	Baaxaale gaa yi XARNU BI
Waa ju la sopp dal di baax	Waa ju la weddi dóotu baax	Waa joo gërëm muy gën di baax	Waa yoo ko warna XARNU BI
Waayam du ñiit gariiti laax	Dóotul làmbooy sagar di daax	Loxoom du daarati ci mbaax	Ku weddi laajal XARNU BI
Ku weddi lii demal lagan	Iisaa di mbar moo man u gan	Yaa ramla wuute na'ak sa gan	Bàmba'a ko ñaak ci XARNU BI
Ngënéeli daam ya gën a tuut	Xel man u koo takk di root	Mbaa xalima'aki daa yu xóot	Lottal na mboolem XARNU BI
Xarbaax la raw na kuy xiyaas	Lu xel dajul deefu ko raas	Fugraas la rawna góoru faas	Sakkaa ñi teewe XARNU BI
Moo jar a way bañ a selaw	Guddee'k bëccëg bañ a nelaw	Ba raw ñi daa wayal calaw (buur ya)	Ngir li mu def ci XARNU BI
Seex Bàmba yaa bariy njariñ	Fëriñ nga wuute ga'ak këriñ	Sëriñ si yaa di séen sëriñ	Yaa man a leeral XARNU BI
Sëriñ si, ñoo doon fatafoor	Sondeel du mel ni'b limiyeer	Jant la moom fawxana weer	Leeram nga tiim na XARNU BI
Seex Bàmba yaa di'g màndawaar	Waaju la tàbbi dóotu réer	Yaay jant say gaa ya di weer	Leer ya gëndoo ci XARNU BI
Nun sóobu nan la jàlle nu	Waay Mbàkke! bul dem bàyyi nu	Yawmal Xiyaam yobbaale nu	Te yobbu mboolem XARNU BI
Seex bàmba yaay ngën ji keno	Sa jën yi doy na ñuy dono	Soo doon fital di ag këno	Sa'y wal a (bal a) mokkal XARNU BI
Billaahi wéeru nan ci yaw	ŋoy nan ci yaw lu man a xew	Ngir «`urwarul wusqaa» du sew	Déesu ko dog ci XARNU BI
Seex Bàmba yaay ngën ji wurus	Foo génn xànjar daaldi rus	Gor su la waaje dóotu rus	Doy nga takkaayal XARNU BI
Def nan la ngay sunu takkaay	Di sun bitik nu di la jaay	Yaa gën i baay gën i nejaay	Yaa gën xariit i XARNU BI
Seex Bàmba yaa di'b libidoor	Làmburde wuute na'aki cuur	Sëriñ si sóobu wuñ sa mboor	Nde kon ñu naatal XARNU BI
Seex bàmba yaa nu mat boroom	Fekkoo ci àddina moroom	Tooñoo boroom, tooñoo moroom	Tinul nu tooñ i XARNU BI
Buur Yàlla jox na la'y midaay	Diiwaan ña xam nañu sa waay	Waajoo gërëm, kërëm du daay	Yaay kir-kiraanub XARNU BI
Seex Bàmba yaa di'b kir-kiraan	Ku jëm ca Yàlla na la ñaan	Soo doonu tur di «Alxuraan»	Yaa boole mbóot i XARNU BI
Def nan la geg bu deefi yéeg	Te def la mbër mu deefi déeg	Kelaŋ mi, wub nga bër yi jéeg	Sebul ci mboolem XARNU BI
Yàlla'a la jiital ca qadiim	Tuddee la Ahmadul Xadiim	Jiitu na aadama'aki doom	Jiitu na gaa yi XARNU BI
Yawma ajaaba bi balee	Yéefar ya juum wuyoo walee/aa	La bàmba not ñu naa alee	Notaale góor i XARNU BI
Sirrub dëggoom ba la ni naat	Ca doqi góor ña ñuy sanaat	Ñépp ni nuut tàllal i baat	Ken yënguwul ci XARNU BI
Mu jàll toog ca gàngunaay	Buur Yàlla ràng koy medaay	Diiwaan ba jox ko séen i gaay	Kerook la àtte XARNU BI

Billaahi Bàmba'a dim kelag	Moo jàppu saytaane welag	Ba tër ko rendi fa gabog	Ñibbi si wax ko **XARNU BI**
«Qaataltu fil bahril la'iin	Kabkabuhuu nadbul amiin	Ma'al amiini wal amiin»	Moo ko waxon waa **XARNU BI**
Yonent ba'ak ahlubadar	Ñoo dàkku kaarce ya ko wër	Saytaane nërméelu di sér	Làbbe ya daw ci **XARNU BI**
Gaboŋ ña xam na ñuy **biram**	Galwaa ña xam na ñuy **biram**	Làmbar ña seere nay **biram**	Seere sa wóor na **XARNU BI**
Kerook la làbbe ya ni waaw	Maaràbbu bii bu leen ci gaaw	Leeram gi sarna asamaaw	Sar na ci suusi **XARNU BI**
Tubaab ya naa ko nan maroo	Soldaar sa naa ko bun meroo	Làbbe ya naa ko bun woroo	Ñibbil yilif nga **XARNU BI**
Tëngaale wuñ la asamaaw	Bër yépp booloo nañ ni waaw	Gurag yi lay nañ sa gannaaw	Nde wub nga làmbi **XARNU BI**
Karaama yaa nu ko xamal	Màqaama yaa nu ko amal	Kaaraanga yaa nu ko defal	Yaa suturaal waa **XARNU BI**
Àll'ak kër'ak jaam'ak gor'ag/k	Ceddook sëriñ buur'aki dag	Bokk'ak i jàmbur ñépp a jag	Jaaraama daam ci **XARNU BI**
Luy nit ku ñuul'ak nit ku weex	Diggante askan yu du jeex	Fu nekk daam def na fa seex	Bu man a yor waa **XARNU BI**
Mbindéef yi yaa léen fal i buur	Ku mas a xëy taal baboor	Di xelli attaaya ju foor	Fajoon nga aajoy **XARNU BI**
Soodaanu war nañ ni nërëm	Biidaanu war nañ ni na'am	Ñépp di sant ak a gërëm	Ngir yaa defar séen **XARNU BI**
Ko-mersi naa la mersi ñoom	Pël yaa nga naala «mujji-doom»	Wolof ya naa «amoo mooroom»	Yaa dàmbe tagg i **XARNU BI**
Ken dóotu dox kem li nga dox	Ken dóotu wax kem li nga wax	Ken dóotu jox kem ñi nga jox	Daralewoon nga **XARNU BI**
Limaamu Shahraaneey kamaal	Téeréerm ba Bàmba lay misaal	Giñ naa ni mooy aboo rijaal	Xutbu yawon ci **XARNU BI**
Mboolem xawsu ya weyon	Yaa sóobu ngiir ya ñu awon	Wommat nga «ruu» ya ñu yoron	Yeesal nga wirduy **XARNU BI**
Xaadiru, yeesal ngay biram	Tiijaanu yeesal ngay biram	Shazaliyu, yeesal ngay biram	Kuntiyu jox la **XARNU BI**
Lottal nga ñoñ sharii'atu	Jommal nga ñoñ haqiiqatu	Sa ngiir mi mooy tariiqatu	Moo gën a jub ci **XARNU BI**
Woroom kurus yadaa aji	Ak gaa ya daa siyaare ji	Yaa tax ñu daa siyaare ji	Sëriñ sa woon ci **XARNU BI**
Wommat nga naar yeek i wolof	Xàllaat nga ngiirum tasawuuf	Shariif yi yaa tee ñu shuruf	Jàlle nga léen ci **XARNU BI**
Roytéef i xarnu bi nga won	Kiimaan i labdaal yi nga won	Kiiraay i lawtaad yi nga won	Ak nujabaa-uy **XARNU BI**
Xutbu yi, yaw lañ daa fegoo	Nattu ya góor ña daa tegoo	Lashyaax yi yaw lañ daa sagoo	Bay laaj hidayay **XARNU BI**
Naar yaa ngi am hidaaya tay	Tiijaan di laaj hidaaya tay	Te musu ñoo weesu bu rëy	Yaw la ñu roy ci **XARNU BI**
Seex Bàmba, yaa di ab newet	Sébbi nga tooyal gépp wet	Bay nga mu ñor, góob nga fat	Man ngaa dundal waa **XARNU BI**
Dundal nu, noo di sa'g njaboot	Wodd nu, nee nu wàkk boot	Te suturaal nu, may nu mbóot	Nee léen «amiin» yéen xarnu
Yaay fekk waay i njoro-ndiaay	Nga fal ko, boole kook i gaay	Ni doom i Maam Sëynabu Njaay	Làmp bi won ci **XARNU BI**
Muriid yi yaa yor séen ngërëm	Sëriñ si yaa yor séen xorom	Biñ la gisul ñi'ng ni xerem	Fajal nu aajoy **XARNU BI**
Seex Bàmba yaa di ag nduyoorr	Sëriñ si ñoo doon njawli béer	Waa ju la nemm falu buur	Sa lem gi neex na **XARNU BI**
«Wa saabiquuna saabiquun»	Yàllaay boroom «Kun fa yakuun»	Ewwaaye gaay ya fi jëkkoon	Ñoo yobbu mbóoti **XARNU BI**

Ña raflewoon wodd **na léen**	Ña reflewoon sedd **na léen**	Ruuh ya gëmon wommat **na léen**	Bañ wommataale **XARNU BI**
Ña ko bëggoon Seexal na léen	Ña ko bëñoon suuxal na léen	Ña xàddiwoon neexal na léen	Bañ del si ànd'ak **XARNU BI**
Seex bàmba yaay ngayndeg njal**oor**	Ag ndaama sóobutil sa mb**oor**	Soo doonu weer di weeru k**oor**	Mbaa weeru gàmmuw xarni bi
Fàddal nu ndaama yii di daan	Notal nu noon yii di nu daan	Jàggil nu mbër yii buñ nu daan	Te def nu mbër ci **XARNU BI**
Seex bàmba yaa matub Sëri**ñ**	Yaa xóoti mbir te yaa xara**ñ**	Waane wi yaa raw ab mara**ñ**	Say gaal a jàlle **XARNU BI**
Soppi nu ay wagook i gaal	Ten yab sa marsandiisi haal	Te yobbu góori senegaal	Def nub masin ci **XARNU BI**
Seex bàmba yaa matub sëri**if**	Mbàkkeek mbusoobe dootu soo**f**	Séen xol ya war na ni gari**if**	Maam Jaara tiim na **XARNU BI**
Siggil nga waa mbàkke bawal	Mbàkke kajoor yaa léen bewal	Pénku bawal yaa léen defal	Lu tax ñu siiw ci **XARNU BI**
Mbàkke dimb'ak, mbàkke xew**ar**	Ak mbàkke baari, kër say**ar**	Saañàŋka bàmbaa leen def**ar**	Ba ñuy defar waa **XARNU BI**
Askanu kër maam maaram	Yaa tax ba waa ju ñu gërëm	Mu ber kërëm am i dërëm	Daagul rusoo ci **XARNU BI**
Daarus Salaam, Daarul Mina**n**	Daaru yi fii kulli zëma**n**	Yaa leen yoxon la ñu yoroo**n**	Ku weddi seetal **XARNU BI**
Yaa tax ñu dooni kàppitaal	Niroowu ñoo ki fàkk-taal	Am nañu barke am halaal	Ñoo gàddu mboolem **XARNU BI**
Sa daaru yee di'y lóppit**aan**	Ku ràgg war na lay dag**aan**	Ku ñëw nga jox garab mu n**aan**	Doktoor bi yaa faj **XARNU BI**
Ràggi xol'ak ràggi yaram	Yaa koy raggal joxey ngërëm	Jarak yi war nañ laa gërëm	Ngir yaa wéral séen **XARNU BI**
Fekkoon nga réew mi defi nd**óol**	Fekkoon nga ñépp defi g**ool**	Yaa tax ba nuy niinal i b**ool**	Yafal nga mboolem **XARNU BI**
Fekkoon nga ñii defi lafañ	Ñii daanu far ba ni fëlëñ	Ñoo ku ñu ñaan jabar mu bañ	Ñii mel ni man ci **XARNU BI**
Yaa dikk jag ya fi damm**oon**	Jénganti mbir ya fi dëng**oon**	Yékkati néeg ya suufe w**oon**	Bañ man a ànd'ak **XARNU BI**
Amal nga gaa yu amulon	Xamal nga gaa yu xamulon	Feeñal nga mbir yi nëbbu won	Dekkal nga ruuhi **XARNU BI**
Sa waay du ñee waayi k**aneen**	Sa waay du xàcci jëm f**aneen**	Deesu la xam di gëm k**aneen**	Sa diine doyna **XARNU BI**
Taxoon nga ruuh yi dajaloo	Te wootewoo, te fitaloo	Te wate woo ni kuy faloo	Lislaam nga moome **XARNU BI**
Xàlloon nga ngiir mi ba mu w**eex**	Ku ci awoon mujj na s**eex**	Te masulaa jàdd aka j**eex**	Ba yobbu mboolem **XARNU BI**
Wommat nga ruuh yi jox boroom	Sàmmal nga njur yi séen boroom	Seex bàmba ken du sa moroom	Yaa man a jàlle **XARNU BI**
Dekkal nga julliy jur**óom**	Ba ceddo yaangi jàppi w**óom**	Te fetaloo bañ ami g**óom**	Yaa wone diiney **XARNU BI**
Aw nga siraatal mustaqiim	Te boolewoo wal aki doom	Ba àgg yaak sa yépp doom	Tay ñi ngi wommat **XARNU BI**
Sunna si yaa ko dekk**alaat**	Tërbiya yaa ko yees**alaat**	Te alxuraan yaa ko f**alaat**	Yaa bind loo won **XARNU BI**
Fekkon nga ñuy wañ ak a tuur	Daa takk i ndomboy takk i cuur	Yaa sampi daaru, fali wuur	Tasaare daaray **XARNU BI**
Soppi jigéen ñiy muslim**aat**	Ñuy dawu góor ni muhsin**aat**	Rékki takkaayi séen i b**aat**	Di muuru dëddu **XARNU BI**
Yaa tax nu daa sellali jëf	Yaa tax nu tekki nun wolof	Yaa tax ba nuy woy di walif	Xamal nga gaa yi **XARNU BI**
Jirim yi yaa don séeni b**aay**	Baayo yi yaa doon séeni y**aay**	Miskiin yi yaa doon séen nij**aay**	Yaay wéeruwaayu **XARNU BI**
Ku jooy fi yaw nga noppi loo	Ku xiif fi yaw nga regg loo	Ku mar fi yaw nga màndi loo	Màndal nga góoru **XARNU BI**
Billaahi yaa mat li nga doo**n**	Noo seddu teggi cer bu duu**n**	Wàccal, damul, langul te tée**n**	Nde wub nga làmbi **XARNU BI**
Mboolem sahaabatu rasuul	Ak bër ya daa tagg rasuul	Melna ni bay nga séen i tool	Bayaale tool i **XARNU BI**
Ka'ab da**daa tagg rasuul**	Bushayri **daa tagg rasuul**	Hasaanu **daa tagg rasuul**	Semmal nga léen ci **XARNU BI**

Yaa raw ña daa janook ra**suul**	Ngir yaa liggéey ba am wu**suul**	Ba def xaliifatu ra**suul**	Kawe nga mboolem **XARNU BI**
Yoon wamu aw ba raw **mbindéef**	Ba def donoy ngën ji **mbindéef**	Maneesu koo xamal **mbindéef**	Jomb na mboolem **XARNU BI**
Diggante mulkoo'k malak**óot**	Ba sar ca péey i jabar**óot**	Ken musla boole séen i b**óot**	Lut Bàmba bàjjob **XARNU BI**
Aras la daa gisee'k bor**oom**	Kursiyu lay xamey sol**oom**	Diiwaan la daa faley mor**oom**	Di folli seef i **XARNU BI**
Moom la ñu may nuurul jal**aal**	Moom la ñu may nuurul jal**aal**	Mu boole koo'k sirrul kam**aal**	Leeram ya dar na **XARNU BI**
Gaa léer, ca lay jañe'y cib**eel**	Gii léer ca lay ñoddee'y ngën**éel**	Kamaal ga lay falee'y met**eel**	Seexal na mboolem **XARNU BI**
Yàlla la daa sukkand**i koo**	Yonen la daa jottal**i koo**	Jibriil la daa dimband**i koo**	Ba jot ci mbóot i **XARNU BI**
Téere ya lay wéttali**koo**	Durus nga lay moyandi**koo**	Pexe ya noon ya daa ja**goo**	Ba të na nooni **XARNU BI**
Taalif la daa jëf**andikoo**	Mahfuus la daa gàng**andikoo**	Hikkam la daa sukk**andikoo**	Moo nàndaloon waa **XARNU BI**
Tawhiid la daa xamali j**aam**	Hikaaya lay xëyee sub**aam**	Riwaaya lay gonte nek**aam**	Du jëw du jànni **XARNU BI**
Fum toll day tagg rasuu**l**	Du war watay dammi rasuu**l**	Du werse boŋ ci tarasoo**l**	Moo gën a wuuteek **XARNU BI**
Dem jàkk a moo ko tax a nuu**j**	Julli ji na fi'y ràkk a ba gée**j**	Aj màkka mas na ko ni ngée**j**	Faadiilu aj na **XARNU BI**
Njool màkk a daal lay sege**ree**	Soo ko tudaa mu daldi **ree**	Giñ naani daawu ñu so**ree**	Jikkoom ya waar na **XARNU BI**
Fab na ca xayru lanb**iyaa**	Jikko yu raw yuy lawl**iyaa**	Moo raw xiyaaru lasf**iyaa**	Dendam amul ci **XARNU BI**
Dëddoom gu mat gamu j**agoo**	Ak xam gu mat ga mu j**agoo**	Ak muñ gu rëy ga mu s**agoo**	Mus la tawat ci **XARNU BI**
Nattoom yu rëy yam daa te**goo**	Te teewu koo ànd ak sa**goo**	Te amna bóot yu mu fe**goo**	Te du ko feg ci **XARNU BI**
Dunyaa da koo wanon gann**aaw**	Musula faale yamu l**aaw**	Jublu ci Yàlla ne njan**aaw**	Wakkiirlu dëddu **XARNU BI**
Bëggul galan bëggul med**aay**	Bëggul lu ab tubaab di j**aay**	Jaayante na ak Yàlla sa w**aay**	Gañe na mboolem **XARNU BI**
Bëggul fas ak nag ak galee**m**	Bëggul bay ak xar aki doo**m**	Bëggu la am sàqi njuróo**m**	Du jaay du jandal **XARNU BI**
Bëggu la am junni yu r**oŋ**	Bëggu la dox di yor i b**oŋ**	Moo mas a dox ba dem gab**oŋ**	Dellu si fii ci **XARNU BI**
Dërëm du yàq ab dera**m**	Wurus du tax mu ras bëtë**m**	Nawul dërëm xeebul përë**m**	Moo gën a wuuteek **XARNU BI**
Dërëm xàmmee wu kook xandee**r**	Diinaar xàmee wu kook ganaa**r**	Kuy waaru bàmba doyna waa**r**	Cey Yàlla ! bàjjob **XARNU BI**
Mbindéef yi yépp a yam fi moo**m**	Alal yi yépp a yam fi moo**m**	Bëggul bañul xeebul du yée**m**	Mooy génn góor ci **XARNU BI**
Bawal-bawal akub ajoo**r**	Sàmm aki baadooloo ki buu**r**	Ku laaj mu jox la sa muu**r**	Di nig li des ci **XARNU BI**
Mbàkke gënul fi moom guy**aar**	Kon ummi mbàkkeek taar ba k**aar**	Kon du ko may sëriñ guy**aar**	Xamul ku bon ci **XARNU BI**
Tabax, gënul fi moomi mb**aar**	Àngaar, gënul fi moom sab**aar**	Baari, gënul fi moom pat**aar**	Kon du fa jug ci **XARNU BI**
Wolof, gënul fi moomi n**aar**	Gànnaar, gënul fi moom Mbay**aar**	Kon taaxi jurbel du fa j**aaraar**	Ba def jumaa ci **XARNU BI**
Wata, gënul fi moom sax**aar**	Mbaanik gënul fi moom daq**aar**	Rusul a yalwaan ak a x**aar**	Ba Yàlla jox ko **XARNU BI**
Màggat, gënul fi moom six**aar**	Ndawit, gënul fi moom kib**aar**	Njàccaar, gënul gumba gu t**aar**	Gu jox tumam ba **XARNU BI**

Bàmbaay boroom «kun, fayakuun»!	Moo donn Ahmadu-l-Amiin	Moo tax amul xejj ak i seen	Mooy yërmàndey waa XARNU BI
Baatin la daa fab di nu jóor	Du mere nit, ba di ko dóor	Mboolem jigéenam aku góor	Defar na léen ci XARNU BI
Tarbiya, lay yarey goneem	Tarqiya, mag ña won fa moom	Tasfiya, Mbër yu deefi yéem	Bañ man aànd'ak XARNU BI
Diraaya, lay xamal goneem	Inaaya, moodi ay jikkoom	Wilaaya, lay defal boroom	Cofeel gu am ci XARNU BI
Cofeel gi, moo ma ko xamal	Xam-xam bi, raw na sama xel	Leeram gi, fees na sama xol	Baawaan ci gaa yi XARNU BI
Moo tax ba dóotu ma selaw	Cofeel gi, tee namaa nelaw	Maa nguy wëréelu, ni gelaw	Dóotu ma toog ci XARNU BI
Leeram gi, daal may tex-texaan	Saa xol di dem, ba poroxaan	May naan ba màndi, coroxaan	Di buusu gaa yi XARNU BI i
Seex Bàmba, yaa di sun Imaam	Yaw la nu teg fa sunu maam	Yaw la nu doyloo, ba fa saam	Rammu nu, nook waa XARNU BI
Sëriñ si woon dañoo texëm	Ñoo way ne ñeex, ba xerem	Seex Bàmba, moo safon xorom	Safaale gaa yi XARNU BI
Ku leen faboon, teg ci balaas	Jël Bàmba, teg ca bee balaas	Konte, mu wat séen i palaas	Mbàkke! du maasam XARNU BI
Xawsu ya, mooy séen Yilimaan	Moo sàmmuwaanteek Alxuraan	Adiisi Yonen, ba rañaan	Moo ko xamal waa XARNU BI
Moo am "fasaahatu lisaan"	Laaya yi, moo xam seen cosaan	Moo xam, la wàcce asamaan	Jëm si ci suusi XARNU BI
Moo am "maxaarijul huruuf"	Làmmeñu yaaram lañ ko roof	Mooy waykatub gën ji mbindéef	Maay waykatam ci XARNU BI
Mooy "Muhjisaati adnaan"	Yuñ wàcce aaxirus samaan	Di rammu xeet wu jëm jinaan	Tuubaa li ahli XARNU BI
Tuubaa, ñeel na kuy muriid	Waylun, ñeel na kuy mariid	Yal na nu Bàmba def muriid	Neeleen "amiin" yéen XARNU BI
Jox naa ko fàww sama xol	Saabub ngënéelamay setal	Terub mbalaan i sama xol	Fóotal nu gàkki XARNU BI
Bàmba, da ngay boroomi may	Te nun, nu def woroom i moy	Mootax nu sax ci di la woy	Ndaxte, nga jéggal XARNU BI
Woyu nu ngir bëgg i dërëm	Mbàkke, danuy sàkku ngërëm	Ca bis ba Yàlla di yërëm	Xeet wi newoon ci XARNU BI
Yaw mi laggeeyal sa boroom	Ba am ngërëm "xayrul Xadiim"	Wàllil nu yaw ci say juróom	"Yawma yaquumu" XARNU BI
Tàbbal nu "jannatul na`iim"	Ten dëkk fa'ak sa yépp doom	Wuntu ya, yaa yor seeni doom	Tijjil dugal waa XARNU BI
Ridwaan tijjil nala, nga wéy	Jox nala njéndi yu la doy	Waaju la soob mu daal di wéy	Yaa ame caabiy XARNU BI
Nopplu jil ca «Illiyiin»	Yàlla gërëm nala'ak «Lamiin»	Yonen gërëm na la'ak ñeneen	Ak xulafaa-uy XARNU BI
{Ak Mursaliina'ak Lanbiyaa	Ak taabi`iina'ak lawliyaa	Jinne ya'ak Malaayika ya	Gërëm nañook waa XARNU BI
Yural sa punk, te dem fanaan	Diggante kawsara'ak jinaan	Nottil te lekk nag, te naan	Jaajëf! defar nga XARNU BI
{Alhamdulillaahi na ngéen;	Di sant rabbal `Aalamiin	Doom a di baay kii du kaneen	Man naa defar waa XARNU BI
Yaw mi laggéeyal Mustafaa	Bul fàtte, amdi Mustafaa	Ak doomi baayi Mustafaa	Ñoo ame bóot i XARNU BI
Matna xaliifatul xadiim	Fees na plaa,s ba mat na doom	Te amna xam-xam, ame koom	Man naa musël waa XARNU BI
Noppeek, goreek, tàllal ndijoor	La moome saalum ak kajoor	Ku laaj, mu joxla lay sa muur	Te musla gàntul XARNU BI
Taafeeri njool aaminata	Yaa donn njool aaminata	Tuubaa di sun madiinata	Yaay weer wi tiim waa XARNU BI
Yaa neex a way, te neex a taas	Ngir xarnu bii, amoo fi maas	Li dale fii, ba weesu faas	Yaw lañu jébbal XARNU BI
Raayaw ngënéel wi yaako yor	Yaa teggi tuur ba, daw ba sar	Ngir naaru góor ak fasu par	Rawante wuñ ci XARNU BI
Mboolem sixaarun wa kibaar	Yaa tax ñu tàbbi ci'g saxaar	Ba wàcc Tuubaa ngën ji gaar	Noppal nga léen ci XARNU BI
Robino yaangi'y walangaan	Nuy naan ni kawsara'ak jinaan	Dóotu nu tàppaatuy sayaan	Jaajëf! defar nga XARNU BI

Jumaa ji yaa ko taxawal	Yaa tee mu naaxsaay ni'w yoral	Naalam wi/u yal nang ko matal	"Aamiina" war na **XARNU BI**
Yaw la sulaymaan xamalon	Karyeer ba, doj ya ca deson	Jumaa ja bayti tabaxoon	Moom ngay defal waa **XARNU BI**
Daawuda Bàmba lay misaal	"Bayti-l-Muqaddasi" la naal	Wuy ji boroomam ba kamaal	Taaw ba defal ko waa **XARNU BI**
Ndommoy ngënéel ya won ca maam	Ya sëtu kokki aki ndaam	Nga boole koo'k ngënéeli daam;	...Ràngoo, amoo ci **XARNU BI**
Muriid yi jox nala'y Idaay	Tubaab ya jox la'y midaay	Sultaan nga boole koo'k wilaay	Yaa man a tàggat **XARNU BI**
Yàlla nangay muuram muriid	Te Yàlla booy, muuram mëriid	Bihaqi xaadirin muriid	Ndax Yàlla naatal **XARNU BI**
"Allaahu dhoo-l-fadlil aziim"	Kum jox ngënée,l deefi la yéem	Faadilu mooy "fadlu hamiim"	Turam wi, doyna **XARNU BI**
Mooy doomi "shamsun wa xamar"	Mbàkkeek, mbusóobe duñ ko jar	Moo nàmp yaari meeni ngor	Mooy Bàmba tay ci **XARNU BI**
Saddiiti baayam lay royaat	Leerug cosaan ga day royaat	Nday jaa di xayru muhsinaat	Moo donn mbóoti **XARNU BI**
Mooy noobalub lislaam fi nun	Mboolem shariif yi moo ci gën	Donoy usaynu wal-Hasan	Maay xaadamam ci **XARNU BI**
Ma wax la lëf, ci ay jikkoom	Lewet, woyof, ànd'ak sagoom	Niru na baay ba, mat na doom	Ëmb na kersag **XARNU BI XARNU BI**
Dem na ba màkkam jullikaay	Haj na, siyaare ngën ji baay	Te ëndiwul alal di jaay	Nawleem amul ci **XARNU BI**
Taalif i baayam'ay wayam	Moo donn duusi xam-xamam	Moo naan ci géejug hikkamam	Sirroom ba, doyna **XARNU BI**
Yàlla na am lamuy mébét;	Ci nun, nu am li nuy mébét;	Ci moom, te yal nan am i sët	Yu gën a gëm waa **XARNU BI**
Nan tang ahmadul amiin	Moom lañu may sirrul masuun	Xarbaax la feese, bani guun	Baay baa ko lëm ci **XARNU BI**
Baatin ba, jaaxal na'w kajoor	Mootax ñu lëm ko jammi biir	Soo ko gisee ma ngay bangeer	Ni kuuy lu mat ci **XARNU BI**
Faj aajo, moo ci gën a gaaw	Lum wax boroomam muni waaw	Day fal di folli ci lu gaaw	Matnaa ragal ci **XARNU BI**
Day way te jàngulon haraf	Te màndaxaam du ca shuruf	Mooman arab te man wolof	Jommal na mboolem **XARNU BI**
Fab na ca yaayam, yan yu diis	Te nduruwul boroomu tiis	Kuy rooti, moodi dex gu fees	Moo man a màndal **XARNU BI**
Sañ-sañ ba, lënde na ci moom	Jagle ga jiitu na'b juddoom	Mbër mu ko sóoru daal di luum	Mbiram xajul ci **XARNU BI**
Rijaal ya ,xam nañ darajaam	Bu nee jalañ, ñuy safi jaam	Nërëm-nërëm, di safi mbaam	Raamal ko war na **XARNU BI**
Yal nañ ko may mbóoti lamiin	Fegal ko ayu bépp noon	Ku dégg ñaan, nani amiin	Ndax Yàlla naatal **XARNU BI**
Mbég maangi! teeru leen bashiir	Donoy bashiiran wa nadhiir	Ku teeru naan, lekk ba suur	Doo ñàkk lëf ci **XARNU BI**
Moo am jalaal te am jamaal	Te xar kanam ga leer kamaal	Tem bari xam-xam am alaal	Buurika fiika **XARNU BI**
Taar ba ca yuusufal kariim	Ba buur ba fal ko def ko doom	Jigéen ja far tàngook sagoom	Manga'ak bashiirum **XARNU BI**
Ca ag rawam, la daal di raw	Fóore ya daa fireek a raw	Musula jaar ci yëfi ndaw	Musula faale **XARNU BI** (àdduna)
Sóobu na giirum tasawuuf	Ku ko rawon, neena la wif!	Moo raw ña xàllon moom a lef	Sakkaa ñi teewe **XARNU BI**
Ilmud Diraaya la jagoo	Mbirum `Inaaya la làkkoo	Nuurul wilaaya la sàngoo	Dendam amul ci **XARNU BI**

Durus ci téerey alxuraan	Mbaa muy julleek a jàngi ñaan	Yooyu la baaxoo, te ku ñaan...	Mu mayla lëf ci **XARNU BI**
Yal nafi/u sax, ba dégg maam	Te tol ni maam ahmadu daam	Te donn mbóot ya won ca daam	Ndax Yàlla naatal **XARNU BI**
Allaahu moodi jenn waay	Mooy jàpp doom, def ko ni baay	Ñu bokk bennu'b taxawaay	Abdoo, di Bàmbam **XARNU BI**
Booko gisee muy sàmmandaay	Seex Bàmba, ñoo niroo'b jataay	Niroo yaram, niroo sewaay	Niroo deret ci **XARNU BI**
Niroo doxiin, niroo waxiin	Niroo jëmm'ak meloo'k defiin	Buy ree nga waat ni du keneen	Bàmba'a ñëwaat ci **XARNU BI**
Moodi wallax-njaanu jinaan	Bu léen ko xool bët i kañaan	Kañaan du tee béjjan a daan	Baayam a leeral **XARNU BI**
Moo donn tab, ga woon ca moom	Moo donnn njàmbaar ga ca moom	Séen baay a séddale'y jikkoom	Sédde ko lii ci **XARNU BI**
Baatin ba, raw na saahiram	Day gaaw a soppi ay mbiram	Mbir ma ca baayamay mbiram	Moo yor jaliili **XARNU BI**
Yal nañ ko dolli ay muriid	Te yalna raw pexem mëriid	Te yalna mujj di'b fëriid	Ba tol ni gaayi **XARNU BI**
Nan ñaan ci Yàlla miy Samad	Mu may Sëriñ Abdu Samad	Te may Sëriñ Abdu Lahad	Lu doy a doy waa **XARNU BI**
Ci bóoti "qul huwa fadhliin"	Sëriñ bu mag bi gën ci yéen	Yàlla bu séeni barke neen	Ndax Yàlla naatal **XARNU BI**
Te yokk Abdul Qaadiri	Fii baatinin wa zhaahiri	Bijaahi baayu taahiri	Bam tol ni Jiilim **XARNU BI**
Te yal na Ibraahima moom	Def'ab xariit fa sun boroom	Ba jot ca bóot i turandóom	Ndax Yàlla naatal **XARNU BI**
Mboolem ñi dooni saalihiin	Ci sowwu jant, mbaa feneen	Yàlla na saalihu di séen	Jant bu tiim waa **XARNU BI**
Dundak So`aybu ga'ak, alaal;	Ju bari jaa'ak, jam darajaal	Yal na ko Seex Bàmba misaal	Ci sun So`aybum **XARNU BI**
Te maynu barke ak ridhaa	Te sol ngërëm ci murtadhaa	Ba ku ko soob mu def qadhaa	Haajaatihii, ci xarnubi
Te boole luy taaw ak i ñaat	Góor ak jigéen, ci benn baat	Ndax Yàlla sun xarnu bi naat	«Aaamiina» warna **XARNU BI**
Mboolem lu Sayxu Bàmba am	Yal nañu gën te yokku ngëm	Kon, leenu bokk ame ndam	Te am ngërëm ci **XARNU BI**
Muusaa ka miy séen werekaan	Moo léen di woy, di léen dagaan	Tey sant, tey tagg ak a ñaan	Ndax yàlla naatal **XARNU BI**
Waykat yi buñ yaboo ni xiim	Maa war di xaadimul xadiim	Damay muriid, di jaam, di doom	Te gën a bon ci **XARNU BI**
Ngir Abdu Mbàkkem soxna MBAAY	Ak Maaram mi ñépp ŋoy	Mooy baayi-baayi sama nday	Maa dikke nii ci **XARNU BI**
Saynabu Mbàkkem Absa njaay	Ak Maaaram miy ngën ji baay	Mooy baayi-baayi sama yaay	Maa dambe yii ci **XARNU BI**
(Ma Abdu MBàkke mom Maam Maaram, mooy baayi Asta MBàkke, muy ndayi Absa Sekk mi jur Muusaa KA.		Batay Zaynabu MBàkke mom Maam Maaram, mooy ndayu Ahmadu Zaynabu, baayi Absa Sekk ndayi Muusaa KA)	
Man léebu naa leen, kàll leen	Woy naa wolof, ba làkk leen	Woy naa araab, ngir bëgg ngéen	Xam Bàmba, yeen waa **XARNU BI**
Woy naa ko Shëhru ramadaan	Mi Yàlla wàcce Alxuraan	Ngir bëgg lépp lu ma ñaan	Yàlla defal ko **XARNU BI**
Jullil ci ngën ji `Adnaan;	Muusaa, te ñaan ko; ba nu naan	Géwal bu jaaxlee war a ñaan	Ndax Yàlla naatal **XARNU BI**

Aamiin! Allaahumma salli' alaa sayyidinaa Muhammadin wa aalihii wa sahbihii wa xayra xadiimihii wa sallama tasliiman, Subhaana rabbika rabbil' izzati' ammaa yasifuun wa salaamun' alal mursaliin.

Aji Taalif ji: Sëriñ Muusaa KA Werekaanu Bàmba, (Xéewalug Yàlla ak mbégteem ci séen kaw)

Aji Bind ji: Abdu Xaadir GEY -Albadriyyu- mom Alaaji Sëriñ GEY BADAR.

Karmat: ÀqiSos ji (©) ñeel na Abdu Xaadir GEY, mu jagleele ko ñeel képp ku ko yittewoo ci ag jàppandal (ci lu dul fay) ngir Yàlla ak laabireente. Ammaa nag móol, walla sotti ko ngir jaay mbaa lu ni mel ñeel na Aji-Sos ji waliif keneen, kon war na sàkkoos ci ndigalëm.

****

DIEUREUDIEUF
SERIGNE ABDOU
KHADRE GUEYE
CI MBINDE MI

****